

# Kat mwa apre tranblemanntè a: Yon apèsi sou aktivite lasante repwodiksyon priyorite ann Ayiti

Yon evalyasyon entè-ajans DMI anba direksyon CARE, Federasyon entènasyonal  
pour planifikasyon famiyal, Save the Children e komisyon fanm pour refijye

17 – 21 me 2010

## *RAPÒ POU KONTRIBITÈ NAN KOMINOTE A*

### **KIYÈS NOU YE?**

Komisyo fanm pour refijye a se yo òganizasyon non gouvènmantal (ONG) ki baze Ozetazini. Nou se yon òganizasyon pou pledwaye: nou travay ak gouvènmant, ajans Nasyonzini (ONI) e òganizasyon sekou entènasyonal yo pou asire yo konsidere dwa, sekirite ak byennèt kominote deplase yo lè y ap prepare pwogram yo. Nou pa reyalize ni nou pa bay yon finansman dirèk pou pwogram ki ofri fanm, timoun oubyen jèn yo asistans. Travay nou an plis konsantre sou chèche jwenn solisyon lontèm pour pwoblèm moun deplase yo rankontre.

### **POUKISA ÈSKE NOU T ALE AYITI?**

Nou t ale Ayiti pou konnen ki plas yo bay sèvis lasante repwodiksyon priyorite yo (LR) nan repons ak tranblemanntè 12 janvyè a. Genyen yon seri bezwen LR priyorite yo dwe okipe nan chak sitiyasyon ijan (Dispozitif minimòm ijans lan oswa DMI [gade kare nan p. 2]), e nou te vle rankontre kèk nan moun k bay sèvis sa yo e nan moun ki resevwa yo. Nou te vle konnen ki sa ki disponib, ki sa ki manke, ak ki bagay moun ki pase anba tranblemanntè a te vle kòmande pou amelyore LR yo a.

### **KISA NOU TE FÈ PANDAN VIZIT NOU AN?**

Sis manm pèsònèl ki soti nan CARE, nan Federasyon entènasyonal pou planifikasyon famiyal (IPPF), nan Save the Children ak nan Komisyon fanm pour refijye a, vizite Ayiti an me 2010. Nou deplase nan twa zòn tranblemanntè a te touche anpil: Pòtoprens, Leyogàn ak Jakmèl. Nou patisipe nan 14 gwoup diskisyon kote nou rankontre 329 fanm, nonm ak tinedjè gason e tinedjè fi deplase. Nou entèvyouve kèk reprezantan ONG lokal e entènasyonal, ajans ONI ak Ministè lasante piblik e

popilasyon an (MSPP) pou nou konnen sèvis ki disponib. yo.

Yon bagay ki te enpòtan anpil se te pou n tande moun Ayiti yo dekwa pou n ka aprann ki eksperyans yo fè pandan e apre tranblemanntè a. Nou kontan anpil lefètke nou te ka rankontre yo e poutèt yo te ban nou pèmasyon pou n pataje enfòmasyon ak istwa sa yo yon fason responsab.

Nou te chèche reponn sis kesyon sou sèvis LR yo bay fanm, nonm ak tinedjè ki pase anba tranblemanntè a:

1. Èske ajans yo te kowòdone sèvis LR pou asire sèvis ki sove lavi sa yo disponib?
2. Kisa yo te fè pou evite vyolans seksyèl la e pou bay viktim yo swen?
3. Kisa yo te fè pou diminye transmisyon VIH la?
4. Kisa yo te fè pou anpeche fanm ansent ak tibebe ki fèk fèt yo pa mouri ni andikape lè sitiyasyon sa a ka evite?
5. Kisa yo te fè pou planifye sèvis LR ki pi konple e pou okipe lòt bezwen ki makonnen avè l tou?
6. Kisa yo te fè pou asire medikaman anti-retroviral, kontraseptif e tretman pou enfeksyon seksyèlman transmisib (EST) yo disponib?

**Dispozitif minimòm ijans (DMI) pour lasante repwodiksyon (LR) an se yon seri aktivite priyorite yo dwe aplike lè nenpòt sitiyasyon ijans derape. DMI a gen eleman sa yo ladan l:**

- > Kowòdinasyon DMI a
- > Prevansyon e jesyon konsekans vyolans seksyèl la
- > Rediksyon transmisyon VIH la
- > Prevansyon twòp mòtalite e mòbidite pou manman ki akouche e ti bebe ki fèk fèt yo
- > Planifikasyon sèvis LR konple
- > Disponibilite metòd kontrasepsyon, medikaman antiretwoviral e tretman pour EST

## KISA NOU TE APRANN PANDAN VIZIT NOU AN?

Nou te aprann òganizasyon entènasyonal yo gen yon kokenn nivo sansibilizasyon sou bezwen ki egziste pou bay sèvis LR debaz, e gen plis aksyon ki poze nan domenn sa a lontan pase nan nenpòt lòt sitiyasyon ijans Komisyon fanm pour refijye a te gentan vizite. Nou te wè kèk bèl amelyorasyon nan kowòdinasyon e nan efò ki fèt pou aplike tout aktivite DMI yo. Sepandan, nou jwenn kèk gwo bezwen nan domenn prevansyon e repons fas ak vyolans seksyèl la, nan ogmante kouvèti sèvis yo, e nan fè moun ki bezwen sèvis LR yo konnen sèvis sa yo disponib.



Fanm ansent sa a, ki rete nan enstalasyon pou moun deplase Mont Fluery andeyò Jakmèl, pral oblije mache 45 minit pour rive nan wout ki pi pre a pou jwenn transpò ki pral mennen l akouche lopital la.

## OBSÈVASYON ENPÒTAN

1. Èske yo te kowòdone sèvis lasante repwodiksyon yo?

Lè pwofesyonèl imanité yo kòmanse reyini nan Pòtoprens pou kowòdone aktivite LR yo, de semèn apre tranblemanntè a potko pase. Se Fon Nasyonzini pou popilasyon an (UNFPA) ak MSPP a ki te dirije kowòdinasyon sa a. Kat mwa apre tranblemanntè a, aksyon kowòdinasyon sèvis LR yo te diminye nan nivo rejyonal e lokal, men ajans yo t ap pran kèk mezi pou kòmanse kowòdone aksyon yo nan vil Leyogàn ak Jakmèl. Materiyèl LR UNFPA te bay pou ede pwofesyonèl lasante ak lòt moun bay swen te disponib pandan kèk semèn apre kriz la, men founiti yo vin manke byen bonè, espesyalman twous akouchman pwòp ak tès gwosès yo.

2. Kisa yo te fè pou anpeche vyolans seksyèl la e pou bay viktim yo swen?

« *Tout sa nou te ka imajine vin pi rèd, espesyalman pou nou menm fi.* »

Fi ki t ap patisipe nan yon gwoup diskisyon tinedjè fi, Miton, Leyogàn

Nivo vyolans seksyèl la kòmanse bay anpil tètchaje. Sa gen ladan l sa yo rele esplwatasyon ak abi seksyèl (EAS) – ki se echanje favè seksyèl ak asistans oswa pwoteksyon. EAS la vin bay tètchaje espesyalman pou fanm ak jènfi, ki mansyone yo te oblije echanje favè seksyèl ak manm ajans imanité entènasyonal e lokal dekwa pou yo jwenn pwoteksyon anba lapli, manje oswa lajan.

Yon gwoup ajans imanité ap travay pou wè ki jan yo ka anpeche e reponn ak vyolans seksyèl la. Sepandan, travay sa a vin difisil poutèt plizyè faktè: gen kèk gason k ap kontwole kominote a e ki fè moun yo pè, pa gen

ase limyè deyò nan kan yo, pa gen ajans jesyon kan pou bay sekirite, ensekirite gaye nan kan yo, pa gen nesosite debaz tankou manje, dlo ak mwayen egzistans.

Moun ki pase anba agresyon seksyèl yo dwe chèche jwenn asistans medikal tousuit dekwa pou pa sibi tout konsekans ki ka evite, tankou gwosès yo pa vle ak enfeksyon seksyèlman transmisib (EST). Se annik yon ti kras lokal ki te bay swen sa yo, men tout moun k ap bay sèvis ki te pale avèk ekip evalyasyon an te konnen yo dwe voye viktim yo ale kote y ap resevwa swen sa yo.

Moun k ap bay swen yo te mansyone li difisil kenbe konfidansyalite pasyan yo nan lokal medikal yo, e pa t gen ase asistans soyal e sikolojik. Lè fini, kominote a pa t konnen sèvis klinik yo te disponib ni li pa t konnen jan li enpòtan pou chèche swen klinik apre yon agresyon seksyèl. Sepandan, anpil moun ki te pale avèk nou pa t vle rapòte agresyon seksyèl yo nan lokal medikal yo, men yo te plis enterese ak kesyon jwenn travay dekwa pou pa tonbe nan yon sitiasyon kote yo t ap oblije echanje rapò seksyèl ak nesosite debaz lavi yo.

### 3. Kisa yo te fè pou diminye transmisyon VIH la?

« Vrèmanvre, nou ka achte kapòt wi, men nou pa gen kòb. »

Yon fanm ki t ap patisipe nan yon gwoup diskisyon, Miton, Leyogàn

Ayiti te gentan genyen gwo pwogram pou konbat VIH la anvan tranblemanntè a, kidonk aksyon prevansyon VIH la aprè tranblemanntè a te deja sou pye. Yo bay distribisyon kapòt priyorite anba direksyon UNFPA a ki te kòmande e distribye 7 milyon kapòt gason nan zòn tranblemanntè a te frape. Li te fasil pour jwenn kapòt nan kan yo nan premye jou apre tranblemanntè a, men li vin pi difisil jwenn yo nan semèn ki vin apre yo. Kominote nou te vizite yo fè nou konnen apre kèk grenn kapòt yo te resevwa gratis okomansman, se peye yo te dwe peye pou resevwa lòt yo ; lè fini, moun ki pa t Pòtoprens pa t ka jwenn yo fasil. Fanm deplase Leyogàn yo tou montre yo interese ak kapòt fi.

Yo te aplike prekosyon inivèsèl pou anpeche lokal medikal yo vin kontamine. Sepandan, nou te wè jestyon dechè medikal yo vin bay pwoblèm nan lokal ki pi piti yo. Nou te wè yo te fè bon jan tès sou san transfizyon an pou asire li pa kontamine ak VIH la oswa lòt maladi.



Tinedjè fi yo mande plis pwoteksyon pandan yon gwoup diskisyon ki fèt nan kan Penchina, nan zòn Jakmèl.

### 4. Kisa yo te fè pou anpeche fanm ansent ak tibebe ki fèk fèt yo pa mouri ni andikape lè sitiyaasyon sa a ka evite?

MSPP a vin prepare yon politik nasyonal pou bay swen obstetrik gratis nan lokal medikal piblik yo. Yo te bay fanm ansent ki gen konplikasyon nan gwosès yo ak tibebe ki fèk fèt yo swen nan twa zòn nou te vizite yo, men swen bon kalite e gratis, 24 sou 24, 7 jou sou 7, pa t disponib toutan ni regilyèman. Plizyè lokal nan Pòtoprens te bay fanm ansent yo swen konple e gratis, tankou sezaryèn, men sèvis sa a pa t disponib nan klinik mobil yo ki t ap bay anpil kominote deplase ak kan yo swen. Moun ki t ap viv nan enstalasyon ak kan andeyò Leyogàn ak Jakmèl te gen difikilte pou jwenn sèvis gwosès yo.

Fanm ki te pale avèk nou yo fè nou konnen li pa t fasil pou jwenn twous akouchman pwòp yo, menmsi ajans yo te deklare yo te distribye yo. Kèk nan pwoblèm yo mansyone se difikilte pou jwenn sèvis lansate pou tibebe ki malad yo e lòt konplikasyon, ansanm avèk avòtman ki fèt san pwoteksyon.

### 5. Kisa yo te fè pou planifye sèvis LR ki pi konple e pou okipe lòt bezwen ki makonnen avè l tou?

Pandan vizit nou an, nou te wè akèl y ap planifye sèvis ki pi konple. Òganizasyon ki itilize lokal mobil te kòmanse pwograme bay sèvis nan lokal fikss.





Tant pou bebe yo, tankou sa ki sou foto a, bay jèn manman yo plas pou bay timoun yo tete e pou bay yo klas, e yo sèvi avèk yo tou pou distribye lèt anpoud.

## 6. Lòt sèvis lasante repwodiksyon ki enpòtan

« Tout bagay vin pi rèd apre tranblemanntè a – jèn ki pa gen kay yo gen plis libète e y ap dòmi anba tant. »

Yon moun ki t ap patisipe nan yon gwoup diskisyon gason adilt, kan Akra Sid, Pòtoprens

Nou te wè MSPP a te konsidere planifikasyon famiyal la lòm yon bezwen. Plizyè ajans te ofri kontraseptif, men kèk lòt ajans fè konnen pwodui tankou kontraseptif enjektab ak grenn yo fini. Enfeksyon seksyèlman transmisib (EST) yo se yon gwo moso nan maladi ann Ayiti yo, e MSPP a rekonèt yo bezwen yon tretman tousuit. Mwayen prevansyon e tretman VIH/SIDA te disponib ann Ayiti anvan tranblemanntè a grasa PEPFAR (Pwo-gram ijans prezidan Etazini pou konbat SIDA a) e yo fè anpil efò pou kontinye bay medikaman kont VIH la nan Pòtoprens.

## KISA NOU PRAL FÈ KOUNYE A LA?

Konisyo fanm pou refijye a pral kominike rezilta ak rekomandasyon sa yo bay gouvènman, donatè, ONI, ak ajans asistans entènasyonal e lokal yo. Men kèk nan rekomandasyon sa yo:

- UNFPA a e MSPP a dwe reponn bezwen ki genyen nan kowòdinasyon aksyon LR ki efikas yo.
- Tout ajans yo dwe travay pou ranfòse sekirite nan kan yo, enplike lidèchip fanm, jènfi ak kominote yo pou evite vyolans seksyèl la, mete sou pye plizyè metòd pou siyale abi seksyèl e mennen ankèt sou

yo, fè kominote yo konnen ki kote e ki jan yo kapab fè rapò si yon bagay rive, e esplike yo poukisa li enpòtan pou viktim vyolans seksyèl yo chèchen jwenn asistans medikal.

- Tout ajans yo dwe devlope yon pwogram pou kreye travay e pou pwodui lajan dekwa pou fi yo pa kontinye echanje rapò seksyèl ak nesosite debas yo.
- Tout ajans ki bay swen lasante yo dwe travay pou asire swen pou fanm ki gen konplikasyon gwosès yo toujou diponib, epitou sèvis pou tibebe ki fèk fèt.
- Tout ajans dwe asire tretman kont EST yo ak pwodui kontraseptif, tankou kapòt, grenn ak grenn ann ijans, gratis e fasil pou jwenn.

## KISA OU KAPAB FÈ SI OU TA RENMEN KONNEN PLIS BAGAY SOU TRAVAY NOU?

Pou resevwa yon kopi rapò konple a, tanpri konsilte [womensrefugeecommission.org/reports/doc/download/635-haiti-reproductive-health-report](https://womensrefugeecommission.org/reports/doc/download/635-haiti-reproductive-health-report)

Si ou ta renmen konnen plis bagay sou aksyon Komisyon fanm pou refijye a pou fanm, timoun ak jèn depase yo, tanpri konsilte sitwèb nou an sou [womensrefugeecommission.org](https://womensrefugeecommission.org) oubyen kontakte nou nan adrès [info@wrcommission.org](mailto:info@wrcommission.org)

Se Abigail Gacusana, kowòdinatè pwogram, ki fè rechèch e ki ekri rapò sa a, se Sandra Krause, Lauren Heller e Mihoko Tanabe ki repase l, e se Diana Quick ki edite l e ki kreye l. Yo tout se manm Komisyon fanm pou refijye a.

Se Lauren Heller (WRC) ki pran tout fotografi yo.

Patnè nou pou evalyasyon an:

